




Florida Department of Education
www.fldoe.org

“Mwen ta renmen pran opòtinite sa a pou di mèsì pou anpil fason ou te ede chanje lavi pitit fi mwen an. Ou te fè li posib pou li vin kwè nan tèt li epitou pou li tann avèk enpasyans pou pwochen jou lekòl la. Bousdetid sa a te vrèman make yon diferans nan kalite lavi timoun sa a.”
– Paran elèv k ap patisipe




Biwo Edikasyon Endepandan ak Chwa Paran
Turlington Building, Suite 522
325 West Gaines Street
Tallahassee, Florida 32399-0400
Faks: (850) 245-0868

Liy Dirèk Gratis Chwa Lekòl
(800) 447-1636

www.floridaschoolchoice.org

Bousdetid avèk Kredi sou Taks nan Florid



Kisa Bousdetid avèk Kredi sou Taks nan Florid ye?

- Yo te kreye pwogram sa a pou ankouraje kontribisyon prive ak volontè donatè yo pou òganizasyon non-komèsyal k ap finanse bousdetid yo. Answit, òganizasyon sa yo akòde bousdetid pou timoun ki nan fanmi ki pa touche ase lajan yo.

Yo kapab itilize bousdetid yo pou:

- Leson patikilye ak frè pou yon lekòl prive kalifye; oswa
- Sèvis transpò nan yon lekòl leta Florid ki deyò distri kote elèv la abite a.

Ki avantaj ki genyen?

- Ogmantasyon opòtinite edikasyonèl pou timoun ki nan fanmi ki pa genyen ase resous.
- Ofri timoun yo plis opòtinite pou resevwa bon kalite edikasyon.

Ki moun ki kalifye?

Nenpòt elèv eta Florid ki kalifye pou repa gratis nan lekòl oswa repa pou pri redui nan lekòl dapre Lwa Nasyonal konsènan Repa nan Lekòl epi ki:

- te konsidere kòm elèv ekivalan atanplè pandan ane fiskal anvan nan eta a;
- te resevwa yon bousdetid nan yon òganizasyon non-komèsyal finansman bousdetid kalifye nan ane akademik anvan an;

- kalifye pou antre nan klas Matènèl oswa nan klas premye ane; oswa
- plase nan moman an, oswa ki te plase pandan ane fiskal anvan an, nan fanmi plasman.

Ki kote pou mwen ale pou jwenn plis enfòmasyon?

Biwo Edikasyon Endepandan ak Chwa Paran, Depatman Edikasyon Florid

www.floridaschoolchoice.org

